**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—14.11.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

---

बिहार विधानसभा चुनाव मे एनडीए के ऐतिहासिक जीत भेटल अछि। एखनधरि, प्राप्त रूझानक अनुसार एनडीए के साठि सीट पर जीत भेट चुकल अछि। जखनकि, एक सय बेयालीस सीट पर आगां अछि। ई आंकड़ा तीन चौथाई बहुमत सँ बेसी थिक। भाजपा के चौंतीस सीट पर जीत भेटल अछि, जखनकि पार्टी छप्पन सीट पर आगां चलि रहल अछि। जदयू के तेईस सीट पर जीत भेटल अछि आ पार्टी साठि सीट पर बढ़त बनौने अछि। ओतहि, लोजपा आरक दू टा प्रत्याशी जीत चुकल छथि, जखनकि सत्रह सीट पर आगां छथि। हिन्दुस्तानी आवाम मोर्चा एक सीट जीत कऽ चारि सीट पर आगां चलि रहल अछि। राष्ट्रीय लोक मोर्चा चारि सीट पर बढ़त बनौने अछि।

---

महागठबंधन के सात सीट पर जीत भेटल अछि आ तीस सीट पर आगां अछि। महागठबंधनक घटक दल राजद छब्बीस, कांग्रेस छओ, भाकपा—माले तीन, भाकपा एक आ माकपा एक सीट पर चुनाव जीत चुकल अछि अथवा आगां चलि रहल अछि। वीआईपी पार्टीक कोनो उम्मीदवार कोनो सीट पर आगां नहि अछि। बसपा एक सीट पर, जखनकि एआईएमआइएम पांच सीट पर बढ़त बनौने अछि। जनसुराजक प्रत्याशी कोनहु सीट पर आगां नहि रहलाह।

---

दरभंगा जिलाक दसो विधानसभा सीट पर एनडीए अपन बढ़त बनौने अछि। दरभंगा शहर सँ भाजपाक उम्मीदवार संजय सरावगीक जीत भऽ गेलनि। ओतहि, अलीनगर सीट सँ भाजपाक उम्मीदवार सुप्रसिद्ध गायिका मैथिली ठाकुर सेहो चुनाव जीत गेलीह। ओ राजदक विनोद मिश्रा कँ बारह हजार सँ बेसी भोट सँ हरौलनि। ओतहि, जाले सँ प्रदेशक निवर्तमान मंत्री भाजपाक उम्मीदवार जीवेश मिश्रा, केऔटी सँ भाजपाक मुरारी मोहन झा, हायाघाट सँ रामचंद्र प्रसाद गौराबौराम सँ सुजीत कुमार अपन निकटम प्रतिद्वंदी सँ आगां चलि रहल छथि। ओतहि, जदयूक प्रत्याशी कुशेश्वर स्थान सँ अतिरेक कुमार, बेनीपुर सँ विनय कुमार चौधरी, दरभंगा ग्रामीण सँ राजेश कुमार मंडल, बहादुरपुर सँ मदन सहनी सेहो जीत दिस आगां बढ़ि

रहल छथि। हमर मधुबनी संवाददाता जनौलनि अछि जे जिला मे बिस्फी विधानसभा क्षेत्र राजदक हाथ मे गेल अछि। एहि ठाम सँ राजद प्रत्याशी आसिफ अहमद, भाजपाक हरिभूषण ठाकुर बचौल के हरौलनि अछि। ओतहि, झंझारपुर सँ प्रदेशक निवर्तमान मंत्री आ भाजपा प्रत्याशी नितिश मिश्र चुनाव जीत गेल छथि। बेनीपट्टी सँ भाजपाक विनोद नारायण झा, खजौली सँ अरूण शंकर प्रसाद, राजनगर सँ सुजीत पासवान चुनाव जीत चुकल छथि।

———————————————————————————

ओतहि, जदयूक उम्मीदवार बाबूबरही सँ मीणा कामत, फुलपरास सँ शीला कुमारी, हरलाखी सँ सुधांशु शेखर, लौगहां सँ सतीश साह सेहो जीत चुकल छथि। मधुबनी विधानसभा क्षेत्र राष्ट्रीय लोक मोर्चाक माधव आनंद जीतलनि अछि। सहरसा विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपा प्रत्याशी आलोक रंजन झा निर्णायक मत सँ आगां बढ़ल छथि। समस्तीपुर विधानसभा क्षेत्र सँ जदयू प्रत्याशी अश्वमेघ देवी राजद प्रत्याशी अख्तरूल इस्लाम शाहीन सँ आगां चलि रहल छथि। सरायरंजन विधानसभा क्षेत्र सँ जदयूक वरिष्ठ नेता विजय कुमार चौधरी अपन निकटम प्रतिद्वंदी राजदक अरविन्द सहनी सँ आगां भऽ जीत दिस अग्रसर छथि। ओतहि, कल्याणपुर सँ सेहो जदयूक वरिष्ठ नेता महेश्वर हजारी चुनाव जीत चुकल छथि। हमर सीतामढ़ी संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक आठ विधानसभा क्षेत्र सँ एनडीए गठबंधनक सभ प्रत्याशी निर्णायक भोट सँ आगां बढ़ल छथि आ हिनका सभक जीत निश्चित मानल जा रहल अछि। ओतहि, भागलपुर विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपाक रोहित पांडेय जखनकि, कलगांव सँ जदयू प्रत्याशी शुभानंद मुकेश चुनाव जीत गेल छथि।

———————————————————————————

तारापुर विधानसभा क्षेत्र सँ भाजपा उम्मीदवार आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी चुनाव जीत चुकल छथि। ओ अपन निकटम प्रतिद्वंदी के पैंतालीस हजार भोट सँ हरौलनि। ओतहि, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा सेहो जीत दिस आगां बढ़ल छथि। एखन धरि प्राप्त रूझानक अनुसार राजदक वरिष्ठ नेता आ महागठबंधनक मुख्यमंत्री पदक उम्मीदवार तेजस्वी प्रसाद यादव राघोपुर सीट सँ भाजपा प्रत्याशी सतीश कुमार सँ जीत रहल छथि। प्राप्त संवादक अनुसार एखन राजद प्रत्याशी बारह हजार सँ बेसी भोट सँ आगां भऽ जीत दिस अग्रसर छथि। ओतहि, कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष राजेश कुमार कुटुम्बा क्षेत्र सँ चुनाव हारि रहल छथि। एहि ठाम सँ हिदुस्तानी आवाम मोर्चाक ललन राम बाजी मारि रहल छथि।

———————————————————————————

आइ देशक प्रथम प्रधानमंत्री जवाहर लाल नेहरूक जयंतीक अवसर पर प्रदेश भरि मे बाल दिवस मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर नेहरू जी के श्रद्धांजलि सेहो अर्पित कयल गेलनि।

———————————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ एफएम रेनबो पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।